



## Ti Sibvansyon pou Rete Byen Aji Byen Enfòmasyon sou Aplikasyon pou 2025

Pwojè pou fè pwomosyon Sante mantal ak Byennèt tout moun ak pwofesyonèl Ki rete nan Palm Beach County

Bon lide kapab soti nenpòt kote, se pou sa nou envite Moun, Gwoup ak Organisyon pou di nou ki nouvo fason yo wè nou kapab sipote Sante Mantal Kounyeya ak nan lavni

Kisa kominate nou an bezwen ? Kilès ou kapab ede ?  
Ki sa ki ka fè yon enpak pozitif nan swen sante mantal ak byennèt nou pou lavni ?

**BeWellPBC ap envite nou pataje lide tou nèf nou genyen kòmanse nan dat 15 septanm!**

**N ap envite tout moun, gwoup ak òganizasyon (ak yon bidjè operasyon ki anba \$500,000) ki nan Palm Beach County pou aplike :**

- Moun ki rete nan Palm Beach County (kèlke swa laj) – Yo pa bezwen afilye ak òganizasyon
- Group ki nan kominate a, minisipalite lokal yo
- Organizasyon ki pa la pou fè pwofi tankou ki gen estati 501(c)(3), organizasyon reliye yo, biznis ki vize fè pwofi
- Lekòl ak lòt òganizasyon edikatif

**Aplike pou kont ou oswa ak patnè. Nou renmen lè moun travay ansanm !**

**Nou vle ou sonje :**

- Sipòte Rezidan Palm Beach County ansanm ak pwofesyonèl ki nan nesesite.
- Ankouraje solisyon kreyatif pou sante ak byennèt mantal Fokis sou domèn tankou
  - Bati yon kominate k'ap sipòte youn lòt (rekonèt ak mete an valè fòs, eksperyans, ak efò kolektif tout rezidan yo pandan y ap simonte defi)
  - Fokis nan ede vvazen ki nan bezwen (ankouraje koneksyon, konfyans, ak pataj resous ant rezidan yo pou tout moun santi yo gen valè, enkli, epi kapab grandi ansanm)
  - Sipòte byennèt travayè yo (ofri espas ak eksperyans ki ede anplwaye jere estrès, retabli ekilib, epi rekonekte ak sans objektif ak plenitud)
- Onore Ekite ak enklizyon
- Pwopoze aktivite gratis pou rezidan yo patisipe – nou pa vle nou fè aktivite pou n rantre kòb silvouplè
- Se pou aktivite yo devlope epi reyalize nan yon ane lè nou fin genyen sibvansyon an

**Soumet nan entènèt Sèlman [www.bewellpbc.org/mini-grants](http://www.bewellpbc.org/mini-grants) jiska 5 oktòb a 11:59pm  
(san eksepsyón)**

**Nou vle ou konnen :**

- Nou ta renmen rankontre avèk ou e tandé ide w yo. Tout aplikan dwe patisipe nan yon sesyon
- Keson - Repons kap fèt nan entènèt swa 24 septanm oswa 1ye oktòb a 5 : 30 nan apre midi. Tanpri anregistre pou ou kapab patisipe nan <https://bewellpbc.eventbrite.com>
- Nou envite moun oswa organizayon ki nan Palm Beach County pou aplike.
- Nou renmen lide endividyle / Gwoup oswa Organizayon ! Nou renmen kolaborasyon !
- Nou ankouraje lide kreyativ ak lide tou nèf ki ka rapòte nou jiska 5 mil dola.
- Nou la pou sipòte nou pandan nap fè aplikasyon an. Silvouplè imèl nou nan [dowellgrants@bewellpbc.org](mailto:dowellgrants@bewellpbc.org) pou nenpòt kesyon oswa konsèn nou ta genyen.

**Gwo Objektif BeWellPBC**

**Yon kominote kote chak moun nan Palm Beach County santi yo gen espwa, sipòte, konekte ak pouvwa.**